



Pou Piblikasyon Imedya: 12/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ETA NEW YORK MANDE FINANSMAN FEDERAL SIPLEMANTÈ POU ASISTANS LWAYE IJANS

Eta New York te mande 996 milyon dola finansman federal siplemantè nan Depatman Trezò Ameriken an

Pwogram nan te swa angaje oswa peye plis pase 2 milya dola nan asistans pou lwaye, k ap kouvri apeprè 165,000 aplikasyon nan pwogram nan, ki enkli plis pase 81,000 pèman dirèk bay pwopriyetè yo

17 manm nan delegasyon kongrè Eta New York la te soumèt yon lèt bay Trezò Ameriken an pou sipòte aplikasyon an; Li lèt la [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta New York te mande 996 milyon dola finansman federal siplemantè nan Depatman Trezò Ameriken an pou Pwogram Asistans pou Lwaye Ijans lan pou ede kouvri yon bezwen ki pa t satisfè pami lokatè ak pwopriyetè k ap goumen yo. Gouvènè Hochul te mande Biwo Asistans Tanporè ak Enfimite (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) eta a - ajans k ap jere pwogram New York la - pou aplike pou finansman federal ki souti nan sous ki reafekte nan sezon otòn sa.

"Depi nan kòmansman administrasyon mwen an, mwen te pwomèt pou jwenn lajan federal pou soulajman lwaye pou Nouyòkè ki toujou ap rekipere de pandemi an. Pandan New York te akselere pou jwenn soulajman pou lwaye epi pase de pòt dèyè a pòt devan pami lòt eta yo, toujou gen anpil moun ki gen bezwen asistans," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen remèsye Manm Kongrè Kathleen Rice ak tout Delegasyon Kongrè a pou sipò yo. New York te demontre alafwa yon bezwen pou finansman sa ak yon kapasite pou distribye li, se poutèt sa nou kwè New York byen pozisyonnen pou resevwa tout asistans siplemantè ki ka vin disponib atravè reyafektasyon Trezò k ap vini an."

Mwens pase si mwa apre li te premye resevwa aplikasyon yo, Pwogram Asistans pou Lwaye Ijans Eta New York la nan te angaje apeprè tout 2.4 milya dola li a nan finansman.

Pwogram nan te kòmanse aksepte aplikasyon nan dat 1ye jen epi li te resevwa plis pase 280,000 aplikasyon depi lè sa. Apre OTDA te soti premye pèman dirèk yo bay pwopriyetè yo nan mitan mwa jiyè a, pèman yo [te akselere sou Gouvènè Hochul](#).

Antou, pwogram nan te swa angaje oswa peye plis pase 2 milya dola nan asistans pou lwaye, ki kouvri apeprè 165,000 aplikasyon nan pwogram nan, ki enkli plis pase 81,000 pèman dirèk bay pwopriyetè yo Mwa pase a, Biwo Asistans Tanporè ak Enfimite a te avèti ke finansman federal pwogram nan te prèske angaje nèt, sof nan zòn ki limite kote alokasyon yo pa t fini.

Si pa gen yon èd federal, pwogram nan p ap kapab reyalize anpil nan demann ki finansman ki ankou yo. Lè nou rekonèt sa kòm yon preyokipasyon serye, Gouvènè Hochul te kontakte Trezò Ameriken an dabò pou [mande finansman siplemantè](#) nan fen septanm nan, ki endike bezwen ak entansyon eta a pou aplike fòmèlman pou plis finansman. 17 manm nan delegasyon Kongrè Eta New York la, ki dirije pa Manm Kongrè Rice, [te soumèt yon lèt](#) bay Trezò Ameriken an pou sipòte aplikasyon sa.

Komisè Egzekitif Adjwen OTDA, Barbara Guinn, te deklare, "Demand asistans pou lwaye atravè Eta New York la klèman depase montan finansman nou gen ki disponib la. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li rekonèt sa bonè, ki fè pwogram sa yon priyorite pou administrasyon li a, epi pran mezi rapid pou asire ke Eta New York nan yon pozisyon pou resevwa tout fon gouvènman federal la reyafekte."

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Lokatè New York yo soufri de yon kou di ki doub: yo te frape pa COVID la epi yo peye youn nan lwaye ki pi wo. Se poutèt sa mwen te defann epi livre plizyè milya nan èd ki te ale dirèkteman bay lokatè ak pwopriyetè bilding yo pou evite ekspilsyon an mas, ak sanzabri, ak dèt ki depase. But nivo bezwen lokatè New York yo vle di ke san fon asistans pou lwaye ki reyafekte pa Depatman Trezò a, New York ap prèske asire obsève ekspilsyon siplemantè ki ta ka evite. Alò, m ap ankouraje administrasyon an anpil pou redirije plis èd bay New York, jan Kongrè a pwopoze a, ki soti nan fon ki pa itilize ke nou te deja konsakre yo."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Menm lè n ap kontinye rekipere nan pandemi COVID-19 la, plizyè milye Nouyòkè ak plizyè milyon nan tout peyi a toujou ap goumen pou peye lwaye yo epi kenbe yon twa sou tèt yo. Mwen ankouraje tout Nouyòkè ki kalifye pou aplike pou asistans lwaye atravè Pwogram Aistans pou Lwaye Ijans lan epi m ap kontinye goumen pou soulajman federal la pou pwoteje lokatè yo, fasilite kriz lojman ki ankou a ke chak Nouyòkè gen yon kote yo rele lakay yo."

Reprezantant Kathleen Rice te deklare, "Gouvènè Hochul te travay di pou jwenn soulajman lwaye vital nan pòt la epi nan men plizyè milye pwopriyetè, k ap pwoteje plis pase 165,000 lokatè atravè eta a. Men, plis soulajman toujou nesèsè, epi plizyè milye fanmi an danje pou pèdi kay yo ak sezon fèt ak fen dwa moratwa kont degèpisman k ap apwoche a. Se poutèt sa, Depatman Trezò a dwe priyorize aplikasyon Eta New York pou finansman siplemantè a. Mèsi a 14 manm Lachanm ak Senatè nou yo paske

yo rejwenn lèt nou an bay Trezò a pou sipòte aplikasyon New York la, epi mèsì ak administrasyon Hochul la pou aksyon kontini li pou abòde ensekirite lojman an."

Reprezantan Jerrold Nadler te deklare, "Menm jan ak pifò peyi a, New York te devaste pa pandemi sa. Premye faz finansman federal ki soti nan Pwogram Asistans pou Lwaye Ijans lan te itil anpil pou kenbe manje sou tab yo, sèvis piblik yo alimante epi fanmi yo lakay yo. Nou te kòmanse rekipere sou plan ekonomik, men malerezman, plizyè milye fanmi toujou bezwen èd. Mwen fyè pou rejwenn lòt manm delegasyon an pou ankouraje Depatman Trezò a pou ajoute èd siplemantè pou New York, ki t ap ede anpil pou kenbe moun yo loje epi nan sekirite finansye."

Reprezantan Carolyn Maloney te deklare, "Twòp fanmi t ap goumen nan kad pandemi COVID-19 la. Nouyòkè k ap travay di yo te pèdi travay yo epi fèmèn biznis yo san se pa fòt pa yo, epi anpil ap goumen kounye a pou peye lwaye yo. Rezidan yo gen yon dwa pou rete loje nan tout sekirite epi pou yo kapab peye lwaye yo, epi mwen kontan pou goumen pou finansman siplemantè pou pran swen fanmi New York sa yo."

Reprezantan Nydia Velázquez, te deklare, "Byenke Eta nou an te fè pwogrè ki enpòtan pou ede fanmi k ap travay yo rekipere de pandemi COVID-19 la, reyalyte a sèke anpil toujou ap fè fas ak konsekans ekonomik tèrib. Nan mitan difikilte, okenn moun pa ta dwe fè fas ak devastasyon pou yo mete yo deyò lakay yo. Se poutèt sa mwen te goumen anpil pou adopte asistans lwaye ijans lan nan nivo federal epi mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li pran mezi pwoaktif pou libere plis finansman pou ede fanmi k ap travay yo ki toujou bezwen asistans pou lwaye."

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Kongrè a te apwouve Asistans pou Lwaye Ijans lan pou abòde menas estabilite lojman ki te kreye akòz pandemi an. Nou aplodi epi sipòte efò Gouvènè Hochul pou sekirize resous adisyonèl ki disponib yo pou reponn ak apèl pou èd lokatè ak pwopriyetè New York yo."

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Te gen yon kriz lojman anvan COVID-19, epi pandemi an senpleman mete aksan sou kantite defi, inegalite, ak vilnerabilite ke anpil Nouyòkè ap fè fas chak jou. Pandan kominote nou yo ap kontinye rekipere de enpak ekonomik ak apre pandemi an, plizyè santèn milye rezidan ap fè fas ak dèt lwaye ki enpòtan epi ki sou wout enstabilite ak sanzabri. Pwogram Asistans pou Lwaye Ijans lan (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) te pwouve se yon zouti inestimab nan efò nou pou ede Nouyòkè yo retounen sou pye. Dènye demann Gouvènè Hochul sa ap ede fasilite efò kolektif nou pou asire estabilite lojman ak èd pou rezidan yo atravè Eta New York pou kominote yo ka vrèman rekonstui pi byen. Pwogram tankou ERAP la garanti ke yo pa kite okenn moun dèyè sou wout rekiperasyon an."

Reprezantan Jamaal Bowman te deklare, "Moun ak fanmi nan kominote nou yo bezwen plis asistans lwaye pandan pandemi sa ankou a. Pri pou viv kontinye ap ogmante nan New York pandan anpil moun, prensipalman fanm ak moun koulè yo, ap trennen dèyè lòt moun pou retounen travay akòz obligasyon nan kay la pami lòt rezon,

ak pou sila ki retounen travay - yo fè mwens pase kamarad blan yo an mwayèn. Anplis, lè ou gen yon timoun nan kay ou sa se pi gwo endikatè pou yon ekspilsyon, epi nou konnen ke enstabilite lojman ka kite timoun ki sanzabri yo, twomatis ak sik povrete devastan. Nou dwe bay plis asistans lojman pou moun ak fanmi yo pou konbat povrete a nan mitan pandemi sa."

Reprezantan Ritchie Torres, te deklare, "Pandan peyi nou an kontinye santi chaj pandemi an ak fanmi k ap goumen pou siviv, li enpòtan ke eta nou an resevwa finansman pou asistans lwaye ijans pou ede lokatè yo rete lakay yo epi pou pwopriyetè yo resevwa pèman yo. Plis fon nan Depatman Trezò a t ap ede New York bay asistans pou plizyè milye aplikan ki toujou bezwen èd, akselere trètman aplikasyon an epi asire ke yo kenbe kominote yo antye. Eta nou an bezwen finansman federal siplemantè epi nou espere yo satisfè demann sa."

Eta New York klase pami lidè nasyonal nan pèman ki fèt oswa ki angaje, dapre [Kowalisyon Nasyonal pou Lojman Lwaye Modere \(National Low Income Housing Coalition\)](#), ki swiv mizanplas ERAP la eta pa eta.

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)